



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

1 Avril 2021

A Paran ak Gadyen yo,

Mwen ta renmen di ou mèsè pou kolaborasyon ou poutèt ou te ranpli Sondaj Aprantisaj An-Pèsòn la epi tou pou patisipasyon w nan Reyinyon Paran sou Plan Akademik Reouvri Ansanm chak jou sou Entènèt la.

Jodia, ou pral resevwa yon lèt nan men direktè lekòl ou a atravè e-mail ki konfime seleksyon pou pitit ou a. Tanpri toujou tcheke e-mail ou detanzantan.

Lòt rapèl enpòtan:

Avi pou moun ki ap vwayaje

Eta New Jersey a te pibliye konsèy sa yo ki gen rapò a vwayaje:

New Jersey reyèlman dekouraje tout vwayaj ki pa esansyèl ant eta yo nan moman sa. Nan tan sa, moun ki te pran vaksen kont Covid-19 ta dwe kontinye swiv avi vwayaj eta a.

Vwayajè ak rezidan yo ki ap retounen nan nenpòt eta US oswa teritwa pi lwen pase reyon imedya (New York, Connecticut, Pennsylvania, ak Delaware) ta dwe mete pwòp tèt yo an-karantèn lakay yo, otèl, oswa lòt lojman tanporè dapre rekòmandasyon nan men CDC a:

- Si vwayaj la nesèsè, vwayajè yo ta dwe konsidere pran egzamen an avèk yon tès viral (pa avèk yon tès antikò) 1-3 jou anvan vwayaj la ak ankò 3-5 jou apre vwayaj la.
- Si vwayajè yo tès pozitif, yo ta dwe rete pou kont yo pou omwen 10 jou epi yo ta ranvwaye vwayaje pandan tan sa.
- Si vwayajè yo tès negatif, yo ta dwe rete an karantèn pou 7 jou konplè apre vwayaj la.
- Si tès la pa disponib (oswa si rezilta yo an reta), vwayajè yo ta dwe rete an karantèn pou 10 jou apre vwayaj la.

Office of the Superintendent of Schools

Vaksinasyon obligatwa yo:

Enfimyè lekòl nou yo te kominike ak tout paran nou yo depi Jiyè 2020 konsènan vaksen an. Pandan nou ap prepare pou reouvri, tanpri sonje pawòl sa yo:

Jadendanfan

- Vaksen yo obligatwa. Tanpri rele doktè ou a pou plis enfòmasyon
- Egzanpsyon: relijye ak medikal (tout egzanpsyon medikal yo tanporè epi ap mande pou doktè a ekri yon lèt).
- Ou sipoze bay prèv vaksen ou pran yo pandan semèn 12-16 Avril 2021. Si dokiman sa pa resevwa anvan 19 Avril, pitit ou a pral antre otomatikman nan enstriksyon adistans.

Klas 6yèm Ane

- Si pitit ou a gen 11 zan epi li nan klas 6yèm ane li dwe pran vaksen sa yo: Tdap ak Menacttra (Meningococcal).
- Egzanpsyon: relijye ak medikal (tout egzanpsyon medikal yo tanporè. Yon lèt doktè ap nesesè).
- Si ou poko soumèt prèv vaksen ou pran yo, tanpri sonje ke ou sipoze remèt enfòmasyon sa pandan semèn 19-23 Avril 2020. Si dokiman sa pa resevwa anvan 26 Avril, pitit ou a pral antre otomatikman nan enstriksyon adistans.

Si pitit ou deja resevwa vaksen ki anwo yo, tanpri voye yon rapò ekri ki soti nan men moun ki responsab swen sante ou pou nou ka mete tout dènye enfòmasyon w nan dosye nou yo.

Ou gen opsyon pou ale nan doktè prive ou oswa nan yon klinik kote yo bay vaksen sa yo gratis. Ou ka jwenn orè pou klinik sa yo ak fòm ki nesesè yo nan biwo enfimyè a. Tanpri kontakte enfimyè lekòl la si ou gen nenpòt kesyon konsènan vaksen obligatwa sa yo.

Mèsi pou kolaborasyon ou nan pwoteje sante tout timoun nan Lekòl Piblik Elizabeth.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer